



## **Dwa ou kòm yon Manm VNS Health Swen Kontwole Alontèm**

Sante ou, sekirite, ak byennèt ou se enkyetid prensipal estaf devwe k ap pran swen ou nan pwogram sa a. Antanke manm, ou gen sèten dwa ki enpòtan pou ou konprann. Tanpri mande Ekip Swen ou a pou eksplike ou sa yo ye si ou gen nenpòt kesyon.

Kòm manm ou gen dwa pou:

- Ou gen Dwa pou w resevwa swen ki nesesè pou rezon medikal.
- Ou gen Dwa pou jwenn swen ak sèvis alè.
- Ou gen Dwa pou w genyen konfidansyalite konsènan dosye medikal ou ak lè ou jwenn tretman.
- Ou gen Dwa pou resevwa enfòmasyon sou opsyon tretman ki disponib ak altènatif ki prezante nan yon manyè ak lang ou konprann.
- Ou gen Dwa pou resevwa enfòmasyon nan yon lang ou konprann; ou ka jwenn sèvis tradiksyon oral yo gratis.
- Ou gen Dwa pou resevwa enfòmasyon ki nesesè pou w bay konsantman eklere anvan tretman an kòmanse.
- Ou gen Dwa pou yo trete w ak respè ak konsiderasyon kòm sadwa pou diyite ou.
- Ou gen Dwa pou mande ak resevwa yon kopi dosye medikal ou epi mande pou yo modifye oswa korije dosye yo.
- Ou gen Dwa pou w patisipe nan desizyon sou swen sante w, tankou dwa pou w refize tretman.
- Ou gen Dwa pou w libere anba nenpòt fòm restriksyon oswa izolasyon yo itilize kòm yon mwayen presyon, disiplin, konvenyans oswa vanjans.
- Ou gen dwa pou resevwa swen san diskriminasyon sou baz sèks (ki enkli idantite sèks ak estati transjan), ras, estati sante, koulè, laj, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati maryaj, oswa relijyon.

- Ou gen Dwa pou yo di w ki kote, ki lè ak kijan pou w jwenn sèvis ou bezwen yo nan plan swen alontèm jere ou a, tankou kijan ou ka jwenn avantaj ki kouvri nan men pwofesyonèl swen sante ki pa nan rezo a si yo pa disponib nan rezo plan an.
- Ou gen Dwa pou pote plent nan New York State Department of Health oswa nan Department of Social Services lokal ou a; epi, Dwa pou itilize Sistèm Odyans San Patipri Eta New York ak/oswa yon Kontestasyon Deyò Eta New York, kote sa apwopriye.
- Ou gen Dwa pou chwazi yon moun pou pale pou ou sou swen ou ak tretman ou.
- Ou gen Dwa pou w chèche asistans nan men pwogram Ombudsman Patisipan an.